

Nimewo 4

DEKRÈ EGZEKITIF

**KREYASYON KOMISYON POU DEPANS AK EFIKASITE GOUVÈNMAN  
(SAGE – SPENDING AND GOVERNMENT EFFICIENCY)**

**ALÒSKE**, alapas yon sistèm gouvènman ki efikas ak sansib, Eta New York gen plizyè ajans, otorite ak lòt enstitisyon ki gen jiridiksyon ki anpyete sou lòt, sa ki lakòz yon gaspiyaj lajan kontribiyab, sa ki jennen kapasite gouvènman Eta New York pou detèmine politik piblik, epitou sa nuizib pou kapasite li pou bay sèvis ki nesèsè yo avèk efikasite;

**ALÒSKE**, depi reyalizasyon dènye re-òganizasyon apwofondi gouvènman an nan ane 1927, gouvènman Eta New York te ogmante kantite anplwaye li yo a ant 29 000 a plis pase 190 000, epitou li te ogmante bidjè anyèl li ant \$ 239 milyon dola ak \$ 135 milya dola.

**ALÒSKE**, kwasans sa a te vini avèk yon gwo ogmantasyon nan kantite ajans yo ak otorite piblik yo pou ka vin gen jodi a prèske 1 000 ajans, otorite, komisyon ak lòt enstitisyon yo kreye anba lwa jeneral yo;

**ALÒSKE**, gouvènman Eta New York gen pwoblèm bidjè ki pa t janm egziste anvan epi ki mande pou gen chanjman debaz nan fason li fè biznis li, tankou eliminasyon apwòch ki pa bay rezilta yo, epi kreyasyon pi bon fason pou sèvi piblik la;

**ALÒSKE**, se responsablite moun ki dwe ofri sèvis gouvènman an pou pwoteje sante ak sekirite piblik la, pou edike sitwayen nou yo, pou ankouraje devlopman ekonomik, pou ofri enfrastrikti ki nesèsè, pou pwoteje dwa debaz yo, epitou pou fè lòt fonksyon enpòtan nan yon manyè ki evite repetisyon initil, reta ak règleman ki pa nesèsè, ak biwokrasi;

**ALÒSKE**, Eta New York gen anpil dirijan biznis ki gen eksperyans nan restriktirasyon òganizasyon konplèks ak enstitisyon edikasyonèl ak non-komèsyal ki gen konesans ak espètiz ki nesèsè pou amelyore operasyon ak responsablite gouvènman an;

**ALÒSKE**, se yon gwo enpòtan piblik pou Eta New York fè yon re-òganizasyon nan estrikti ak operasyon gouvènman eta a ki pa efikas epi ki pase mòd si li fè yon revizyon apwofondi chak ajans gouvènman eta a, epitou si li rekòmande chanjman nan estrikti ak nan operasyon nan gouvènman an; epi

**ALÒSKE**, yon revizyon konsa ap prevwa eliminasyon oswa plis òganizasyon efikas ajans ak otorite ki repete, ki pase mòd, ki pa nesèsè, epi ki pa efikas, epi revizyon an prevwa amelyorasyon nan operasyon yo pou pi piti depans yo avèk pi grab valè a;

**KOUNYE A, KIDONK**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, òdone sa ki endike anba la a:

**A. Definisyon**

Jan tèm sa yo itilize nan dokiman sa a, yo dwe gen siyifikasyon ki endike anba la a:

1. “Ajans Eta” oswa “ajans” dwe vle di nenpòt ajans eta, depatman, fonksyon, konsèy administrasyon, biwo, divizyon, komite, konsèy oswa fonksyon.
2. “Otorite piblik” oswa “otorite” dwe vle di yon otorite piblik oswa sosyete avantaj piblik nenpòt lwa Eta New York kreye oswa ki egziste, avèk youn oswa plizyè manm Gouvènè a deziyen, oswa k ap travay kòm nanm paske yo gen yon fonksyon sivil Eta New York, ki diferan avèk yon otorite entè-eta oswa avèk yon otorite entènasyonal oswa ki diferan avèk yon sosyete piblik, tankou nenpòt filyal otorite piblik la oswa sosyete avantaj piblik la.

**B. Komisyon pou Depans ak pou Efikasite Gouvènman**

1. Genyen Komisyon pou Depans ak pou Efikasite Gouvènman (“Komisyon SAGE”) ki dwe egziste pou ofri oryantasyon endepandan ak konsèy pou Gouvènè a.
2. Gouvènè a dwe deziyen jiska 20 manm ki gen dwa pou vote nan Komisyon SAGE la. Manm Komisyon SAGE la dwe gen ladan: sitwayen prive; de (2) manm Asanble Eta New York, yon manm sou rekòmandasyon Pòtpawòl Asanble a, ak yon manm sou rekòmandasyon Dirijan Minoritè Asanble a; epi de (2) manm Sena Eta New York, youn sou rekòmandasyon Prezidan Pwovizwa Sena a, epi youn sou rekòmandasyon Dirijan Minoritè Sena a. Direktè Re-òganizasyon ak Efikasite Ajans Eta a dwe travay kòm Ko-Prezidan Komisyon SAGE, epitou l ap responsab pou kontwole nenpòt kantite anplwaye Gouvènè a dwe deziyen. Gouvènè a dwe deziyen youn oswa plis lòt Ko-Prezidan pami lòt manm Komisyon SAGE la. Komisyon SAGE la dwe jwenn otorizasyon pou kreye sou-komite ak gwoup travay k ap gen ladan moun ki pa manm Komisyon SAGE la, depi nenpòt rekòmandasyon sou-komite yo ak gwoup travay yo dwe jwenn apwobasyon Komisyon SAGE la anvan yo voye li ba Gouvènè a. Direktè Divizyon Bidjè a ak Direktè Operasyon Eta a dwe travay kòm manm otomatik ki pa gen dwa pou vote nan Komisyon an.
3. Gouvènè a dwe mete moun nan pozisyon vid yo, epitou Gouvènè a dwe deziyen lòt manm nan Komisyon SAGE la, jan li nesèsè. Manm Komisyon SAGE la dwe travay selon volonte Gouvènè a.
4. Yon majorite manm total Komisyon SAGE ki pa t jwenn deziyasyon dwe fòme yon kowòm, epitou tout rekòmandasyon Komisyon SAGE dwe jwenn apwobasyon yon majorite manm total Gouvènè a deziyen.
5. Komisyon SAGE la dwe fè efò pou angaje ak mande kontribisyon yon gwo kantite gwoup diferan, òganizasyon, ak moun, tankou, san limit, manm Lejislati Eta New York, ak reprezantan anplwaye sektè piblik yo.

**C. Kolaborasyon avèk Komisyon SAGE**

1. Chak ajans oswa otorite Eta New York dwe bay Komisyon SAGE tout asistans ak kolaborasyon, tankou itilizasyon bilding Eta New York yo, ki ka nesèsè oswa konvab pou satisfè objektif Dekrè Egzekitif sa a.
2. Ajans yo ak otorite yo ka bay sipò anplwaye yo ki nesèsè pou fè travay Komisyon SAGE la (sa depannde apwobasyon konsèy administrasyon otorite yo). Yo dwe bay lajan anplis ki nesèsè pou travay Komisyon an nan sous yo, tankou lajan ki apwopriye, nan limit afektasyon yo disponib. Komisyon SAGE ka pran nan resous imèn yo, nan espètiz ak finansman enstitisyon prive yo, tankou enstitisyon ki asosye avèk moun ki deziyen nan Komisyon SAGE la, jan enstitisyon prive sa yo kwè li apwopriye, epitou jan sa konfòm avèk tout lwa jeneral, règ, ak oryantasyon Komisyon Eta New York sou pou Onètete Piblik konsènan asistans lan. Yo dwe bay asistans lan san peman lajan, epi yo pa dwe bay asistans lan nan okenn sikonstans ki ta kreye yon konfli enterè toutbon, oswa aparans yon konfli.

#### **D. Fonksyon ak Objektif**

1. Komisyon SAGE dwe fè yon revizyon ak evalyasyon apwofondi gouvènman Eta New York, tankou, men pa sèlman, estrikti li yo, operasyon ak pwosesis li yo pou gouvènman, avèk objektif pou ekonomize lajan kontribiyab yo, pou ogmante responsablite a, epitou pou amelyore fason yo ofri sèvis gouvènman an. Revizyon sa a dwe gen ladan yon revizyon komisyon yo, gwoup travay yo ak konsèy ki kreye dapre Dekrè Egzekitif la oswa lòt Dekrè.

2. Komisyon SAGE la gen responsablite pou re-òganize estrikti òganizasyonèl gouvènman an. Pou fè sa, l ap òganize yon fason rezonab, l ap gwoupe oswa elimine ajans, otorite, komisyon ak lòt enstitisyon inital ki pa nesès epi ki anpyete sou misyon yo; l ap idantifye amelyorasyon operasyonèl k ap ogmante efikasite depans yo, epitou k ap amelyore kalite sèvis la tankou sèvis komen yo, itilizasyon amelyore Teknoloji Enfòmasyon ak chanjman nan machaswiv pou ofri sèvis la; l ap kreye teyori mezi ak sib pou souliyen sa ki pa efikas yo; epitou l ap idantifye aktivite ki pa santral pou misyon debaz ajans yo, otorite yo oswa gouvènman Eta New York. Yo dwe mande Komisyon SAGE la pou fè rekòmandasyon ki ta pèmèt gen rediksyon omwen 20 pousan kantite ajans ak otorite ki egziste yo, depi yo aplike rekòmandasyon yo.

3. Komisyon SAGE la dwe egzamine tou fason pou gouvènman vin pi fleksib, transparan, pi fasil ak responsab pou moun ki nan Eta New York, tankou, men pa sèlman, si li devlope yon sistèm kontwòl pèfòmans ki gen teyori mezi ak sib serye ak transparan.

4. Komisyon SAGE la dwe kòmanse travay li anvan dat 7 janvye 2011. Komisyon SAGE la dwe soumèt rekòmandasyon li yo sou re-òganizasyon ajans ak otorite yo anvan 1ye me 2011, oswa nan lòt dat jan Gouvènè a dwe bay Komisyon SAGE la rekòmandasyon. Li dwe soumèt rekòmandasyon li yo pou efikasite operasyonèl sou yon baz k ap kontinye, avèk yon rapò final li dwe prezante ba Gouvènè a nan dat 1ye jen 2012 oswa nan lòt dat jan Gouvènè a dwe bay Komisyon SAGE la rekòmandasyon. Komisyon SAGE la dwe fini travay li, epitou yo dwe mete yon pwen final nan responsablite ak fonksyon li apre li fin soumèt rapò final li.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, senkyèm jou mwa janvye ane

de mil onz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a